

Vizyon

Jistis pou tout viktim krim.

Deklarasyon Misyon

Avèk konpasyon ak respè, nou ede moun ki viktim atak seksyèl, vyolans domestik, omisid, ak lòt krim vyolan atravè repons a kriz, defans dwa moun, terapi, ak konsyantizasyon nan kominote a.

Lwa 960 Florid la bay Direktiv pou Tretman Jis & Dwa Espesifik pou Viktim ki nan Sistèm Jistis Kriminèl lan.

Genyen nan yo ki enkli sa ki annapre yo:

- ❖ Office of Attorney General Konpansasyon Viktim Krim, lè sa aplikab;
- ❖ Pou yo kapab enfòme, prezan, epi tande, lè sa enpòtan nan tout etap kritik nan yon pwosedi kriminèl oswa jivenil, nan limit ke dwa sa pa antèfere ak dwa Konstitisyonèl akize a;
- ❖ Pou yo kapab bay enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib ki enkli Konpansasyon pou Viktim, pwogram tretman nan kominote a, sèvis entèvansyon pou kriz, konsèy ak sèvis sosyal;
- ❖ Pou yon dispozisyon rapid ak alè de ka a, nan limit ke dwa sa-a pa antèfere ak dwa Konstitisyonèl akize a;
- ❖ Pou yo retounen pwopriyete w' ba ou pi vit ke posib apre yo fini ak ankèt la ak/oswa pouswit jidisyè a fini, sòf si gen yon rezon konvenkan ki jistifye retansyon yo;
- ❖ Fè yon Defansè Viktim prezan pandan depozisyon viktim lan;
- ❖ Mande, pou krim espesifik, yon egzanpsyon ki entèdi divilgasyon enfòmasyon bay piblik la ki revele idantifite ou.

Palm Beach County Public Safety Department Victim Services Division

www.pbcgov.org/publicsafety/victimservices

24/7 ATAK SEKSYÈL LIY TELEFÒN KRIM VYOLAN

LIY ÈD: (561) 833-7273
APÈL GRATIS: (866) 891-7273

Tribinal Prensipal
205 North Dixie Hwy., Suite 5,1100
West Palm Beach, FL 33401
(561) 355-2418 option 3
TTY: (561) 233-2595

Sant Sèvis Viktim SART
4210 North Australian Ave.
West Palm Beach, FL 33407
(561) 625-2568 option 1
TTY: (561) 624-6520

Tribinal Konte Nò
3188 PGA Blvd., Suite 1436
Palm Beach Gardens, FL 33410
(561) 355-2418 option 3
TTY: (561) 624-6643

Tribinal Konte Sid
200 West Atlantic Ave., Suite 1E-301
Delray Beach, FL 33444
(561) 274-1500
TTY: (561) 274-1015

Tribinal Konte Lwès-Glades
2976 State Road 15, 2nd Floor
Belle Glade, FL 33430
(561) 996-4871
TTY: (561) 992-1113

Yo founi sèvis bay tout viktim krim nan Palm Beach County kèlkeswa ras, sèks, koulè, relijyon, orijin nasyonal, andikap, laj, oryantasyon seksyèl, eta sivil, oswa idantite seksyèl viktim yo 'oswa ekspresyon.

Sèvis yo finanse atravè Palm Beach County Board of County Commissioners ak sibvansyon ki soti nan Office of the Attorney General la ak Florida Council Against Sexual Violence.



Palm Beach County
Board of County Commissioners

Renmen Nou sou



PBCVictimServices

Rev. May 2020



Palm Beach County
Public Safety Department
Victim Services Division

Sèvis Viktim & Sant Kriz Vyòl Sètifye

Ap Sèvi Viktim Krim Vyolan





Sèvis Ki bay

Fòmasyon Pwofesyonèl ak prezantasyon pou kominote disponib tou.

- * Enfòmasyon sou dwa Viktim
- * 24 èdtan repons kriz pou lopital, ajans ki fè respekte lalwa ak sèn krim
- * Enfimiyè Egzaminatè atak Seksyèl (SANE) ak yon sit Egzamen medsin legal ~ The Butterfly House
- * Ekip Repons atak Seksyèl (SART) ~ pou ofri asistans ki konsantre sou Viktim
- * Defans Jistis Kriminèl ak akonpayman tribinal
- * Asistans pou ranpli aplikasyon Konpansasyon Viktim Krim Eta ak Lòd Entèdiksyon
- * Terapi Endividyèl ak sipò an gwoup
- * Enfòmasyon ak referans bay resous nan kominote a, ki enkli refij ak èd legal

Atak Seksyèl

Atak seksyèl se krim vyolan ki enkli vyòl, ensès, asèlman seksyèl oswa nenpòt lòt kontak seksyèl san konsantman.

Dapre Lwa Florid 90,5035, yon viktim vyolans seksyèl ki konsilte yon konseye agresyon seksyèl nan yon sant kriz vyòl gen dwa a konfidansyalite enfòmasyon ki pataje ak konseye a.

Pa gen moun ki eksepte viktim nan ka fòse konseye agresyon seksyèl la revele enfòmasyon sou kominikasyon yo. Se sèlman viktim lan ki ka renonse privilèj la, e sa dwe fèt alekri.

Si viktim vyòl yo pa sèten si pou yo fè rapo bay lapolis, defandè viktim yo pral ede yo atravè tout pwosesis desizyon ke y' ap pran yo, pandan ke y'ap respekte nenpòt chwa yo fè.

Defansè Sètifye Viktim Kriz Vyòl Pral Bay:

- ✧ Entèvansyon Kriz ak Defans Dwa pèsònèl
- ✧ Akonpayman pandan egzamen legal vyòl nan The Butterfly House la ak lòt fasilite medikal
- ✧ Kowòdinasyon swen suivi medikal, terapi ak referans
- ✧ Defans Jistis Kriminèl ak akonpayman tribinal

Start by Believing



Kòmpanse nan kwè: Yon kanpay sansibilizasyon piblik pou chanje fason nou reponn ak vyolans seksyèl nan kominote nou an... yon repons alafwa.

REYAKSYON OU FÈ LADIFERANS.

Lè yon moun di ou yo vyole li, gen yon repons ki senp. **Kòmpanse nan kwè.**

Atak Domestik

Atak Domestik enplike taktik pouvwa ak kontwòl tankou vyolans fizik, abi emosyonèl, vyolans seksyèl, abi ekonomik, ak izolasyon.

Defansè Dwa Viktim Pral Bay:

- ✧ Entèvansyon Kriz
- ✧ Planifikasyon Sekirite
- ✧ Asistans ak Lòd Entèdiksyon
- ✧ Referans Abri-San danje
- ✧ Defans Pèsònèl e ki legal pandan pwosedi jistis kriminèl

Omisid ak Lòt Krim Vyolan

Omisid ak lòt krim vyolan detwi lavi viktim ki blese yo ak sivivan e lakòz lapenn ak chòk emosyonèl grav.

Defansè Dwa Viktim Pral Bay:

- ✧ Entèvansyon Kriz ak sipò emosyonèl pou moun ki viktim ak manm fanmi ki siviv
- ✧ Asistans pou depoze yon konpansasyon viktim krim pou depans medikal, depans fineray ak pèt sipò
- ✧ Akonpayman Tribinal
- ✧ Referans pou terapi endividyèl, sipò gwoup ak asistans kominote



Konte Palm Beach bay sèvis ak swen egal pou tout moun, kèlkeswa laj, andikap, sèks, idantite seksyèl, ras, relijyon oswa kwayans oswa oryantasyon seksyèl moun lan.